



FASON POU JWENN BENEFIS SNAP

N ap rann li posib pou jwenn manje ki bon pou sante w.

Èske m ka gen revni epi anmenmtan resevwa benefis SNAP?

Fanmi ki gen timoun ki poko gen 19 an ak fi ki ansent k ap viv poukont yo dwe genyen yon revni (brit) total ki pi ba pase 200% nivo povrete federal la pou yo ka kalifye pou SNAP.

Fanmi ki gen adilt sèlman (ant 19 a 59 an) dwe genyen yon revni (brit) total ki pi ba pase 130% nivo povrete federal la pou yo ka kalifye pou SNAP.

Fanmi ki gen moun aje sèlman (60 an oswa plis) oswa moun ki andikape pa gen ankenn limit nan revni (brit).

Jeneralman, fanmi yo dwe gen revni ki pi ba pase estanda revni nèt aprè dediksyon pou yo ka elijib pou jwenn benefis SNAP.

Èske m ka gen pwopriyete epi anmenmtan aplike pou benefis SNAP?

Ou ka posede yon kay, zafè pèsonèl, yon machin epi ou ka gen lajan labank.

Kèk fanmi ki gen manm ki pa kalifye pral oblije bay enfòmasyon ak prèv ki montre yo gen lajan labank ansanm ak lòt resous, tankou aksyon (stocks), obligasyon (bonds) ak sètifika depo (CD).

Fanmi sa yo pral gen yon limit \$2,250 nan resous yo ka posede. Pifò moun aje ki gen revni ba pap gen pou bay prèv pou lajan yo gen labank oswa lòt resous yo posede. Pifò moun aje ki gen revni ba pap gen pou bay prèv pou lajan yo gen labank oswa lòt resous yo posede.

Ki jan pou m aplike pou benefis SNAP?

- Pou aplike:
 - Rele DTA nan 1-877-382-2363 pou mande pou yo voye yon aplikasyon pou ou pa lapòs. Sonje pou mande pou yon aplikasyon SNAP pou moun aje si w se yon moun aje (60 an oswa plis) – li pi fasil pou ranpli aplikasyon sa a!
 - Vizite www.mass.gov/dta epi klike sou lyen *Apply for SNAP/Food Stamps Online* pou ka telechaje yon fòm aplikasyon.
 - Ou ka aplike sou entènèt tou lè w vizite www.mass.gov/vg/selfservice oswa
 - Ou ka vizite biwo lokal Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA).
- Ranpli aplikasyon an nan mezi ou kapab. Asire ou ekri non w ak adrès ou epi siyen l.
- Soumèt aplikasyon ou fè sou entènèt la oswa voye aplikasyon an tounen nan: DTA Document Processing Center, P.O. Box 4406, Taunton, MA 02780-0420 oswa voye l pa faks nan: 617-887-8765, oswa al depoze l oumenm.

Èske yon moun ka ede m aplike pou benefis SNAP yo?

Ou ka mande yon moun ou fè konfyans pou aplike pou ou oswa pou al fè makèt pou ou. Yo rele moun sa a Repezantan Otorize w.

Ki sa k rive aprè m fin voye aplikasyon SNAP mwen an?

- Ou dwe fè yon entèvyou pou pale konsènan aplikasyon w lan. Ou ka fè entèvyou a nan telefòn nan yon lè ki konvnan pou ou oswa ou ka fè l nan yon biwo lokal.
- Ou pral bezwen bay kèk prèv (gade nan do paj la), paske sa fè pati pwosesis aplikasyon an. Ou pral resevwa enfòmasyon konsènan ki kalite prèv ou bezwen pou montre DTA lè y ap egzamine aplikasyon w lan.
- Ou pral resevwa yon notis sou desizyon yo pran sou aplikasyon w lan nan yon espas 30 jou.
- Si w elijib, ou pral resevwa benefis SNAP atravè sistèm Transfè Benefis Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT). Ou pral resevwa yon nimewo idantifikasyon pèsonèl (PIN) ak yon kat EBT ou ka itilize tankou yon kat debi pou achte manje nan makèt, nan episri ak nan famasi. Ou ka resevwa kat EBT anvan nou deside si w elijib pou resevwa benefis. Ou pap ka itilize kat EBT a amwenske nou fè w konnen nou apwouve aplikasyon w lan.



Kat debi rann li fasil pou fè acha!

Ki sa SNAP ye?

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè a ede moun ak fanmi ki gen revni ba achte manje ki bon pou sante, ki nitritif. Benefis SNAP yon fanmi ka resevwa pa mwa ka depann de gwosè fanmi an, revni ak depans fanmi an. Ou ka elijib pou SNAP – li enfòmasyon ki anba a pou aprann plis toujou!

Kiyès ki ka resevwa benefis SNAP?

Si oumenm oswa yon moun nan fanmi w se yon sitwayen ameriken oswa se yon moun ki pa sitwayen men legal nan peyi a, epi oumenm oswa yon moun nan fanmi w gen revni ki pi ba pase yon nivo yo fikse, ou ka elijib pou resevwa benefis SNAP.

Kiyès ki fè pati fanmi m?

Nan pifò ka, yon fanmi gen ladan l tout moun ki achte, kuit epi manje repa ansanm.

E si mwen pa gen anpil lajan oswa mwen pa gen lajan ditou?

Nan yon kadrijans, kèk moun ka jwenn benefis SNAP pi rapid. Pa egzanp:

- Si revni w mwens pase \$150.00 pa mwa epi ou gen mwens pase \$100.00 nan lòt resous, tankou nan kont ou gen labank.
- Revni w ak resous fanmi w mwens pase lwaye oswa ipotèk ak depans pou dlo, telefòn ak kouran mete ansanm.

Si nenpòt nan sa ki site anwo a la a dekri sitiyasyon pa w, ou ka elijib pou benefis SNAP nan yon espas sèt jou. Si w bezwen plis enfòmasyon, rele DTA nan 1-877-382-2363.

Ki kalite prèv mwen pral bezwen?

- Yon bagay ki montre non w ak adrès ou – Si w pa gen adrès, ou dwe di ki kote w fè ladesant.
- Prèv revni – Si w ap travay, bay kat dènve souchèk ou yo, oswa prèv revni ki sot nan men anplwayè w. Soumèt yon lèt ki montre valè w touche oswa deklarasyon depo dirèk ki montre revni ou resevwa ak chak konbyen fwa ou resevwa pèman sa yo.
- Nimewo sekirite sosyal pou tout manm k ap aplike yo - Si w pa gen nimewo sekirite sosyal pou moun k ap aplike yo, DTA pral ede w jwenn yo.

Yo pral egzamine aplikasyon SNAP ou a pandan w ap tann nimewo sekirite sosyal yo.

- Si w pa yon sitwayen ameriken, pote prèv ki montre ou se yon moun ki legal nan peyi a.

Lòt prèv ochwa ou ka bay DTA si w vle resevwa montan benefis maksimòm SNAP se:

- Depans pou swen depandan pou timoun oswa pou adilt.
- Depans pou lwaye, ipotèk, taks, asirans, chofaj ak dlo ak kouran.
- Fakti medikal - si ou gen 60 an oswa plis oswa si w andikape.

Ki jan pou m jwenn yon biwo DTA?

DTA genyen plis pase 20 biwo atravè leta Massachusetts.

Pou jwenn biwo ki pi pre w la, vizite www.mass.gov/dta epi klike sou lyen DTA Office Locations oswa rele DTA nan 1-877-382-2363.

Ki jan pou m jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan fason pou jwenn benefis SNAP, kontakte DTA nan 1-877-382-2363 oswa vizite www.mass.gov/dta.

Deklarasyon sou non-diskriminasyon

Dapre lejislasyon federal la sou dwa sivil ak règleman epi dapre politik dwa sivil Depatman ameriken agrikilti a (USDA), li entèdi, nan tout pwogram oubyen aktivite USDA fè oubyen finanse, pou USDA, ajans li yo, biwo li yo, anplwaye li yo, ak etablisman ki swa patisipe oswa ofri pwogram USDA yo pou yo fè diskriminasyon poutèt ras, koulè po, peyi natif natal, sèks, kwayans relijye, andikap, laj, konviksyon politik, oswa pou yo fè reprezay oswa tire revanj pou aktivite anteryè ki konsène dwa sivil.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt metòd kominikasyon pou yo jwenn enfòmasyon sou pwogram lan (pa egzanp: bray, gwo karaktè, bann odyo, lang siy ameriken, elatriye), dwe kominike avèk ajans lan (eta oubyen lokal) kote yo te fè aplikasyon pou benefis yo. Moun ki soud, ki tande di, oubyen ki gen difikilte pou yo pale gendwa kominike avèk USDA atravè Sèvis relè federal la (Federal Relay Service) nan nimewo (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram lan gendwa disponib nan lòt lang ki pa lang anglè.

Pou pote plent sou diskriminasyon nan yon pwogram, se pou w ranpli fòmilè pou plent kont diskriminasyon nan pwogram USDA a, (AD-3027), ki disponib sou entènèt, nan http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, epi nan tout biwo USDA yo, osinon ou ka ekri yon lèt bay USDA kote w ekri nan lèt la tout enfòmasyon ke yo mande sou fòmilè a. Pou w mande pou yon kopi fòmilè pou w pote plent, sonnen nan nimewo (866) 632-9992.

Remèt fòmilè ranpli ou a oubyen lèt ou ekri a bay USDA swa:

- 1) pa lapòs: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410;
- 2) pa faks: (202) 690-7442; oswa
- 3) pa imèl: program.intake@usda.gov.

Etablisman sa a se yon founisè ki bay tout moun menm chans.

Estanda Revni SNAP

Gwosè fanmi an	Limit nan revni brit pou kò kay ki kalifye kategorikman (depi 1-fev-2024)	Revni brit pou kò kay ki pa kalifye kategorikman	Revni brit pou fanmi ki gen moun aje epi/oswa moun andikape sèlman	Fanmi yo sijè a yon limit nan revni nèt aprè yo fin retire depans yo
1	\$2,510	\$1,632	Ankenn	\$1,255
2	\$3,407	\$2,215	Ankenn	\$1,704
3	\$4,303	\$2,798	Ankenn	\$2,152
4	\$5,200	\$3,380	Ankenn	\$2,600
5	\$6,097	\$3,963	Ankenn	\$3,049
6	\$6,993	\$4,546	Ankenn	\$3,497
7	\$7,890	\$5,129	Ankenn	\$3,945
8	\$8,787	\$5,712	Ankenn	\$4,394
Pou chak ekstra moun	+\$897	+\$583	P/A	+\$449